

"Aaxiru samaan" de Imam Mouhamadou Sakhir Gaye 13 avril 1958

Bismi Laahi Rahmaani Rahim

1. Bi Imsil Laahi may fasoo wax ci kagn Buur baa
Ki magal sikkar ak gaa gna gueum sax ca baatam baa
2. Na ngeen dekluy yeen mbooléém Ku nuy wooye ak soppeem
Ci Yallah mi tax niuy jaamu ngir moo di Buuram baa
3. Boroom jaam gni am na ay meloom yuy ku jok tey jaamu
war na nga xam leen boole kook xam yonnentaam baa
4. Yallah am te moo jiit képp ku am ci ak am, mooy
ku fiy des ku dul moom neel dinay jééx ca atteem baa
5. Ku juuyoo la ak mbindééf yi ciy meloom ak léppaam
ku dooy lu ci boppam neel ku wéét la ca pééyam baa
6. ku am kantan ak nammeel ku xam bépp xewxew, mooy
ku dunda ku dul dee moom du saay ni dammeel sambaa
7. Ku déggeu la kuy gis te di nay wax ci boppam ndax
waxoon naak Mussa kaliimu daldi ka yan yan baa
8. Te mooy aji attan mooy aji namma moy ku xam
xalaati mbindééfam moy kakay xam ca xam xam ba
9. Te mooy aji dund mooy aji dégg wax ak ndééy
xorodom way dox caw xeer mu ngay dégg tankam baa
10. Aji gis la mbooleem yeuf yi aji waxante laak
ku kay soob da kay sol leer ba muy dégg baatam baa
11. Yilee di meloy Buur Yallah yi war na ci moom waxal
ni seeni safaan mel looka Yallah da kay jomba
12. Amal jaam gni ak bagna leen na sos mooy melow dagan
ci yallah mi tax gnuy jaamu ngir sopp pééyam baa
13. Li war ci ab yonnen mel loo ka mooy dégg ak jotal
akuk woor ak um xel yii meloo war na yonnen baa
14. Waxal niy safaanam moodi fen ak neubbum ndigeul
te dib dof di workat yii yonnenta da kay jombaa
15. Meloy Yallah yii "Subhaanahu" ak meloy yonnen
"Aleyhi salaam" xam leen di nay war ca muslim baa
16. Leetax "laa ilaaha illa Laahu Muhamadu"
"Rasuulu Ilaahi" geun ci mbooleem jeufuk jaam baa
17. Ku wax la ilaaha illa Laahu da nay taxaw
taxawaayu geum mbooleem meloo Yallah miy Buur baa
18. Muhammad Rasuulu laahi moo wuutu geum mbooleem
yonnentaak malaakaak ajanaak geum safaanam baa
19. Ba looloo waral wax kay mandargam ku geum Lilaam
te geum yallah ak mbooleem li muy wax ci tééréém baa
20. Te wax "laa ilaaha illa Laahu" di nay waral
jiguégn Yallah ak "firdawsi" ak dem ca pééyam baa
21. Baril kaa di ngeun ji jaamu fii "aaxirru zamaan"
demaal yeur "Rimaahu" mbaa "Jawaahir" nga xam baat baa
22. Te mujjuk jamanaay ji gnu tollu, la gnu waxoon
ca tektal ya, tey mbooleem ku xool gis nga tektal baa
23. Barik moy gi am mbooleem ci rééw yi ak barik feebar
yi ak tiis yi tey koo xool tawat ngaa fees xol baa

24. Barik dee gi am ci mag gni ak ndaw gni ak mbooleem
 gnu baax gni fi daan aar diine ngir samma denkam baa
 25. Yonnen nee ba laa saa nieuw, gnu baax gni da nuy jeex ngir
 da nuy geun di néew ngir bagn fféerook merum Buur baa
 26. Gnu saaysaay gni nioo fiy dess di sax nuur ca seen beew ga
 ba Buur Laahu mer nioo niaay dajeeek saa ca neuxneux baa
 27. Barik réér ci nit gni ak niaki teggin ci ndaw gni ak
 jigeen kersa wootul yii naa ngay lim ca tektal baa
 28. Djiiteul ku réér ngir daw meram nba te xemmem weurseugeum
 jeul ku xam muy féété ginnaw ca "jaahil" baa
 29. Di magal boroom am am ngireek weurseugeum wu yaa
 di suufel boroom xamxam ngireek niakk koppar baa
 30. Jilee jamaanaa yéés ci jamaana ku am xam xam
 te gis tiit na ngir mbooleem teukuy Yallah miy Buur baa
 31. Limaa leel ci mandargay dikkuk saa barik am gaa
 ba sar bi daa sammaan tabax baa di néégam baa
 32. Limaa leel ci mandargay dikkuk saa dawuk jaam niaa
 te réér jeum ci dunya mii fi yéés, tey worakoon baa
 33. Sa fay mas di wor mbooleem ku kay mas di ut mootax
 woroon na "Sidaad bun Aad" tabax loo ka pééyam baa
 34. Adunya mitax gnuy xeex di tongonté moom dub dal
 ba sax ci mbindééf ngir dee du kay bayyi muy dal baa
 35. Ani Lanbiyaau yi fi daan woote lislaam ngir
 jubeul jaam gni ak bagn seen mbugal ngir meram Buur baa
 36. Matoon na gnu téémééri junni ak gnénenta ciy junni neel "jaysun"
 ca nioom nioo ca fab yan baa
 37. Ani "Noohun" ma dundoon junniy at ca wooteem baa
 di woo jaam gni gniy geun di bagn jublu wooteem baa
 38. Ba tax Yallah mer waccem ndoxam ngir meral ndaw laa
 labal adina ak mbooleem ku nekkul fa yonnen baa
 39. Ani "Nabiyu Laahi Muusa" miy boroom may gaa
 ki daan dégg yallah muy wax ak moom ca baatam baa
 40. Ani maam Ibraima mi Yallah takkoon xarit
 te teewul malaakal mawti génné ko néégam baa
 41. Ani "Ruuhu Laahi Seydina ibnu Maryaama"
 ka wax ca ba muy ab liir ne leen maa di yonnen baa
 42. Ki daan fekk bammeel bu boroom dee ba yax ya seey
 muna kaa joggal "bi isni sil arsi" miy Buur baa
 43. Boroom daldi jog te naa ka yaa "Ruuhu Laahi" man,
 defoon naa ne "Asraafiilu" moo wal ca buftaam baa
 44. Ani "xayru xalxi Laahi" mi geun ci mbooleem luy
 mbindééf "Ibnu Abdalaahi" koo ka di yaaram baa
 45. Yabal na gnu Jibriilu ca moom jox ka mbooleem nguur
 gu mbindééf di am, yonnen ni moom tannoon nay jaam baa
 46. Gnu dellu yabal "Jibriil ne ndeem soob nga, xeer yi gnuy
 wurus wuy ngalam ngir muy ndimmul ma ca xiifam baa
 47. Yonnen tontu ne dunyaa keuruk waaju yaakaarul
 eulleuk keur gu baax moo kay keuroo ak di xool taar baa
 48. Ani "Xulafaau raasi duuna", Abuubakar,
 Omar, Aliyu ak usmaan gna doon saaba yonnen baa

49. Ani "Awliyaau Laahi" yi wuutu woon yonnen
 ca wareek jiyaarak waaja bagn nuur ci bakaar baa
 50. Ani gaa gna réeroon, Yallah jay leen ci dunyaa gnuy
 dagnal seeni fas tey xeex di bakkoo melow Buur baa
 51. Di xeex ngir alal ak nguur di toj réew yi ngir ak pal
 te rééré ne Buur Yallaay ka leen jay ca sanjaam baa
 52. Gnile gnepp dee génné na leen téy ca seen keur yaak
 alal jaak njaboot ga tey gnu gay wéét ca bammeel baa
 53. Gna doon soppe yaak xarit ya gnoo and nieuw jeul leen
 duggeul leen ci am kan suul fa gnuy dess di xaar Buur baa
 54. La gnu bayyi ci mbooleem alal tey du leen jarign
 lu dul jeuf ju baax mooy nieuw taxaw tey di soppeem ba
 55. Ndégém jeuf ju baax mooy liy musseul jaam ci bammeel, koon
 na nuy farlu ci mbooleem lu nuy man ca dénkeum baa
 56. Te mbooleem lu ab jaam di baril ngir wutam ngeureum
 na wax "laa ilaaha illa Laah" mbaa du am yool baa
 57. Baril tudd Yallaa geun ci mbooleem lu gnuy taqoo
 "wala zikru Laahi" aaya joo jaadi tektal baa
 58. Ba moo tax Limaamul Maadiyu naa na ngeen baril
 sikar ndax ku geum Buur Yallah dey fonk baatam baa
 59. Ci sikar la ab jaam di ame mba ci mbooleem ay
 bakkaaram ya doon kiiraay ci digunteem ak Buur baa
 60. Ci sikar la ab jaam di am yeurmeundey Buur "Laahu"
 ak "mahrifa" ak "tawfeex" te aar ka ca sanjaam baa
 61. Ci sikar la ab jaam di ame leer ci bammeel te
 di nay tax malaakay Yallah sakku gnu baal jaam baa
 62. Te wax "laa ilaaha illa Laahu" di nay waral
 kanam melni weeru "laylatul badri" ngir taar baa
 63. Yonnen nee waajiy tudd Yallah ak ku dul sikar
 missal maadi ku dundaak ku dee seey ca bammeel baa
 64. Ci sikar la xol yiy dundé moo tax ku dul sikar
 bu yaggee xolam wow melni aw doc ca daaraay baa
 65. Ci sikar la ak wilaaya di tambalee cib jaam
 ba waa "malakoot" ak "mulki" mujj di kagn jam baa
 66. Ci sikar la "awliyaahu laahi" yi aggé seen
 makaamaak ca seen diwaan ya ak yallah ak pééy baa
 67. Libaas ne bu leen saggan ci wax laa ilaha illa Laahu
 fu ngeen sax ndax di nay far meram Buur baa
 68. Di nay yok aw yiw te di nay yobbu niaawtééf ya
 te loolooy waral "Ridwaan" ni duggeul ca buntam baa
 69. Te wax "laa ilaaha illa Laahu" di nay raxas
 gneneenti junniy niawtééf ci magguk Boroom bat baa
 70. Yonnen nee ku kay wax dee doonte ku daa moy laa
 di nay dem "jinaani Laahi" ndeem dee na ca baat baa
 71. "Fa ya a ahlu laay" sax leen ci zikrul Ilaahi yeen
 gni geum Yallah geum baay Laay ne Njiin moo di yaaram baa
 72. Jeureujeuf Limaamu Laahi yow mi nu xalal yoonnu
 lilaam xamal nu Laahu miy ki yayoo sabbaa
 73. Dundeul nga fi lilaam fii ci sowu te booba diine
 tojna gnu mbooleem jignya tojoon néégam baa

74. Lu jiitu bi ngay feegn diine jooy na ci sowu ngir
 ga far na gnu mandargaam ya, fey noo ya ak tal baa
 75. Da gnoo rééré woon Yallah booba geum samp yaak tuur yaa
 ku jaaxle du niaan Buur Yallah mi moom tey ak dembaa
 76. Lu dul fab mbindééfam yallah di rey ca kuur yaak
 di ndeupp ak di samp ndaa ya gnuy wooye ay xambaa
 77. Nga nieuw Yallah joxla mboot ma ca "laa ilaaha ila Laahu"
 nga toj mbooleem xéreum ya ak lu fay xambaa
 78. Jeueujeuf Imaama Laahi yaa nu xamal yoon wa
 duguul nu saney Buur Yallah miy samm jaamam baa
 79. Saney Yallah miy Buur moodi wax "la ilaaha illa Laahu"
 ku kay salloo du feerook meram Buur baa
 80. Lu jittu bi ngay feegn ci sowu bi diiné jooyna
 ngir mer ba melni doom ju réé ndey ja ak baay ba
 81. Nga nieuw yékki diiné woote lislaam saxal fi baat
 bi semmal pexey seytaani miy bagn ku xam Buur baa
 82. Gni réér, naan da ngay jéém fii lu dul sax nga tontu naan
 di nay mujj mool mak took ba and di wax baat baa
 83. Sa baat sax na tey ndax gaa gna daa bagn sikar tey seeni
 seut niooy nia kay wootee ka booloo di kagn Buur baa
 84. Jigéen niaa ngi andak goor gni di xantu lislaam tey
 te yow yaay ki xalloon yoon wa ngir samm denkam baa
 85. Bu dul woon Limaamu Laay mi leral lislaam
 leundeum sank wa Ifrix nde kon ken du taal taal baa
 86. Limamoo fi nieuw leeral ngireum diine siiwal waa
 sowu tey ba tax penkoo ki siin xam na waa sowu baa
 87. "Wa leysa waraa-a faas, unaasun" la naar ya daan
 saxal seeni lamegn ngir ga wooteem jibul boo baa
 88. Lu jiitu bi ngay feegn kay Ndakaaroo ngi woon fii waaye
 siiwul xameesul booba turam wa ak gox baa
 89. Nga nieuw woote "aajiboo" ne jaam Yallah yéen la woo
 nit ak jinné nieuw leen jaamu Buur bi yayoo sabbaa
 90. Allahu jottal sab woote ruu yépp ngay wax naa
 lu fiy ruu di nay nieuw seet si fii moo di soowoo baa
 91. Lu fiy ruu di nay nieuw geum ma mbaa nieuw di seet si loo
 fi mos ngir ga xééweul yaa ngi nii weur ma tey sabbaa
 92. La nekk ca penkuy penku ak sowu ak "yamiin
 Simaal" seeni ruu ngiy nieuw ngir Yallah mooy Buur baa
 93. Te yaw yaay Limaamul Maadi yu yaa di mintasar
 ku doon xaar Limaamu Njool ma , moo woote ci sowu baa
 94. Yallah yooni Baay laay muy ndawam boole kook ay muhjisatam
 yakay daaral di seedeem ca wooteem baa
 95. Aseequ Mahtaar Loo nee, li Yonnen ne,
 yonnen dootu am ci ginnaawam mboot la, leuntul ba xam ndey baa
 96. N ngay geustu mbootam wax ja ak Maadi yook Isaa
 nga xam jubluwaayam mbaa laajte bu kay jombaa
 97. Limaamoo ne fa yonnent ba summi dallam waa
 boroom moo nieuwaat sol peer ba toppaat tankam baa
 98. Da gnu noon Limaamul Maadi mooy kiy jubeul jaam niaa
 maana moo di ka jaam gniy xamek jub ca wooteem baa

99. Mukallaf mu gnuy lakkal Limaamoo ka dindi ak
 yor ab niw di waxtaan Njinn ne kagn leen Boroom jaam baa
100. Digeul waa keureum sikar ci goor gnéeék jigéen ngir
 di bagn feccak taccook woy ak jeuw di xas jaam baa
101. Ba mbooleem keureum seen xol yi mandi ci zikru Laahi
 ba tey loolu sawaato na ken doo tu kay jombaa
102. Na ngéen xellu seetaat seeni xamxam Limaamul Maadiyoo
 woote woon tey dem na ca Yallah miy Buur baa
103. Libaas nieuw na ba Isaa mi doon xalifaam dem naa
 leudeum budul woon ak Manjoon mi xambaat taal baa
104. Ammar lagnu xallal yon mu nieuw féété woo di seet
 ku jub ak ku sammul diiné tey yaq denkam baa
105. Ku jub ya di soppeem yaa ka noppal ku deung yaa
 ka jaaxal ngireek dey bagn feerook meram Buur baa
106. Manjoon yaay ki xam dunyaa bi ngay wuutu boo dul woon
 ku mat koon nu saawaato ba tey dootu nu yem baa
107. D anoo jaxle woon tiit ngir demuk Seydinaa Isaa
 ku nekkay palamtu ngir ga jaaxle gu am boobaa
108. Nga nieuw andak sak mat ni tekk di xool dunyaa
 ba xammee la neukh, teeyal ka, booleek di gaar tojbaa
109. D ngaa doylu moo tax doy nga Yallah ak mbindééf yi ngir
 da nga fekk nit gniy doora xér ngir di ut jal baa
110. Yonnen nee ginnaaw Isaa la nit gni di doora xér
 ci dunyaa te dunyaay geun di daw mooy woraakoon baa
111. Ki xellooy ki wor dunyaa lu jittuk woram loolooy
 la Seydi Manjoon denkaanenan samma denkeum baa
112. Ku miin sab jataay tey dégg say wax mu xam ni yaay
 ki mat ci mbindééf yib samma, yaay ki yayoo yan baa
113. Na la Buur bi yokkal yaak sa rakk ak njaboot geek doomi
 Isaa te ngeen may doomu Jibriil ndimmeul boo baa
114. Taxaw loo ndi naa fii yal na nu yallah mey tawf&ex
 defal nu am ndimmeul nangul nu bi jaahi yonnen baa
115. "Salla Laahu alaa xayri daahi ileyhi daa-iman sarmadan fil aali wa kulli man sàhbaa



